

Sistèm Edikasyon Teknik ak Karyè nan Connecticut
39 Woodland Street
Hartford, CT 06105

Avi sou Garanti Pwosediral Seksyon 504 la

Sistèm Edikasyon Teknik ak Karyè nan Connecticut la pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, reliyion, sèks, laj, orijin nasyonal, oswa sou baz andikap nan admision, aksè, tretman, oswa anplwa nan pwogram, sèvis, ak aktivite li yo. Nan dokiman sa a, yo enfòme aplikan, elèv, paran/responsab legal, anplwaye, ajans ki bay referans yo, ansam ak tout òganizasyon ki pase akò avèk Distri a sou politik sa a. Nou mande tout moun ki gen enkyetid sou si Distri a konfòme 1 ak règleman aplikasyon Seksyon 504 oswa Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo pou yo kontakte:

Non:	Tonya LaPlante
Pòs:	Sipèvizè Sèvis pou Elèv yo ak Edikasyon Espesyal
Nimewo Telefòn:	860-807-2220
Imèl:	Tonya.LaPlante@cttech.org

Dokiman sa rezime pwoteksyon pwosediral ansam ak dwa w genyen antanke paran elèv la ki ka kalifye pou jwenn aranjman oswa sèvis konfòmeman ak Seksyon 504 la ak ADA a.

ENTWODIKSYON. Seksyon 504 nan Lwa sou Reyadaptasyon 1973 la, ansam ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo, egzije pou distri lekòl la pa fè diskriminasyon kont elèv ki gen andikap yo. Se poutèt sa a, distri a adopte politik ak pwosedi yo pou asire pa gen diskriminasyon ki fèt. Nan fen dokiman sa a, nou fè referans ak lwa sa yo sou non "Seksyon 504/ADA."

ELIJIBLITE POU IDEA. Anpil elèv ki satisfè definisyon yon "moun ki gen yon andikap" konfòmeman ak Seksyon 504/ADA a kalifye tou pou sèvis yo konfòmeman ak Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA) yo. Dokiman sa pa pale de elèv k ap resevwa edikasyon espesyal yo. Elèv sa yo jwenn sèvis konfòmeman ak egzijans IDEA yo. Fen dokiman sa pale sèlman de dwa paran elèv ki satisfè definisyon yon moun ki gen yon andikap yo konfòmeman ak Seksyon 504 la men ki pa kalifye konfòmeman ak IDEA a.

YON EDIKASYON KI APWOPRIYE. Si yo detèmine pitit ou a satisfè definisyon yon "moun ki gen yon andikap" konfòmeman ak Seksyon 504 la, ebyen pitit ou a pral gen dwa ak yon edikasyon piblik ki gratis epi ki apwopriye. Sa vle di edikasyon pitit ou a pral fèt pou reponn ak bezwen edikatif endividyle li kòmsadwa menm jan ak bezwen elèv ki pa gen andikap yo. Yon edikasyon piblik "gratis" vle di yo p ap enpoze w okenn frè sof pou menm frè yo enpoze paran elèv ki pa gen andikap yo. Sepandan, konpayi asirans yo ansam ak lòt tyès pati ki gen obligasyon pou founi sèvis yo bay pitit ou a oswa pou peye pou sèvis sa yo toujou gen menm obligasyon an.

AVI: Ou gen dwa pou distri a enfòme w avan nenpòt aksyon ki ta ka idantifye pitit ou a kòm yon timoun ki gen yon andikap, evalye pitit ou a pou sèvis yo konfòmeman ak Seksyon 504 la, oswa mete pitit ou a nan yon pwogram sou baz yon andikap li genyen.

EVALYASYON. Avan yo fè yon evalyasyon pou pitit ou a pou li kapab resevwa sèvis yo konfòmeman ak Seksyon 504 la, distri a pral chèche jwenn konsantman enfòme w alekri. Yo p ap fè yon evalyasyon touttan w pa bay konsantman w. Sepandan, responsab lekòl yo ka revize dosye, nòt egzamen, nòt, rapò pwofesè, ak rekòmandasyon yo déjà genyen yo ansam ak lòt kalite enfòmasyon konsa san konsantman w nan menm nivo yo t ap fè sa pou elèv ki pa gen andikap yo.

Si yo fè yon evalyasyon, lekòl la pral asire 1 ke

- Yo valide tout tès ak lòt pwosedi evalyasyon yo pou rezon espesifik yo itilize yo a;
- Se pèsonèl ki pran fòmasyon ki administre yo konfòmeman ak enstriksyon pwodiktè a bay yo; yo gen ladan yo tès ak lòt materyèl evalyasyon ki fèt pou evalye domèn bezwen edikatif espesifik

- epi sèlman sa ki fèt pou gen yon nòt QI jeneral; epi
- Yo chwazi tès yo e administre yo pou yo pi byen asire yo mezire egzakteman sa tès la fèt pou mezire a, olye de nenpòt twoub sansoryèl, oral, oswa twoub manyèl ke elèv la ka genyen (sof lè tès la fèt pou mezire konpetans sansoryèl, oral, oswa konpetans manyèl).

Yon evalyasyon ki satisfè egzijans sa yo ap fèt avan plasman inisyal pitit ou a epi y ap òganize 1 oswa revize 1 avan tout chanjman enpòtan ki vin fèt nan plasman an.

Si yo idantifye pitit ou a kòm yon moun ki gen yon andikap konfòmeman ak Seksyon 504 la, lekòl pral re-evalye pitit ou chak tan lè sa apwopriye.

PLASMAN. Si yo idantifye pitit ou a kòm yon moun ki gen yon andikap konfòmeman ak Seksyon 504 la, Ekip 504 lekòl la pral pran desizyon sou plasman ki konsène pitit ou a, kote yo konnen pitit ou a, sa done evalyasyon an vle di, epi yo konnen opsyon plasman yo tou. Y ap envite w patisipe nan tout reyinyon Ekip 504 la ap fè si yo dwe diskite sou plasman pitit ou a ak/oswa sèvis li yo. Ekip 504 la pral asire tou ke yo plase pitit ou a nan "anviwònman ki gen mwens restriksyon an."

ANVIWÒNMAN KI GEN MWENS RESTRIKSYON AN. Si yo idantifye pitit ou a kòm yon moun ki gen yon andikap konfòmeman ak Seksyon 504 la, y ap mete pitit ou, epi desèvi li, nan "anviwònman ki gen mwens restriksyon an." Sa vle di pitit ou a pral resevwa sèvis avèk elèv ki pa gen andikap yo nan menm anviwònman edikasyon regilye nan nivo maksimòm ki apwopriye a. Avan yo retire pitit ou a nan anviwònman edikasyon regilye a akoz li gen andikap la, lekòl la pral panse itilize èd ak sèvis siplemantè yo. Y ap retire pitit ou a nan anviwònman edikasyon regilye a sèlman si li pa jwenn sèvis nan fason ki satisfezan nan anviwònman sa a, menm lè yo bay èd ak sèvis siplemantè yo.

Si li vin nesesè pou yo desèvi pitit ou a nan yon lòt anviwònman akoz yon andikap li genyen, lekòl la pral konsidire nivo lòt anviwònman an pre lakay ou.

EGZAMEN DOSYE. Ou gen dwa pou gade ak egzamine nenpòt dosye edikatif ki gen rapò ak pitit ou a oswa ki apwopriye pou desèvi pitit ou a.

ODISYON. Si w pa dakò ak yon desizyon Ekip 504 la pran konsènan idantifikasiyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif pitit ou a, ou gen dwa ak yon odisyon san pati pri. Ou gen dwa pou patisipe nan yon odisyon konsa epi pou fè yon moun ou chwazi reprezante w, tankou yon avoka.

Si w vle mande pou yon odisyon fèt, ou dwe fè yon demann ekri pou yon odisyon nan 30 jou kalandriye apati lè ou resevwa avi ekri sou desizyon Ekip 504 la pran an. Ou dwe soumèt demann pou odisyon w lan bay Kowòdonatè Seksyon 504 distri a.

Apre yo fin resevwa yon demann pou odisyon atan, distri a pral enfòme w sou dat, lè, ak kote y ap fè odisyon an. Si w pa dakò ak desizyon konseye-oditè a pran an, ou gen dwa pou mande pou yon tribinal konpetan revize desizyon sa a.

LÒT PLENT. Ou gen dwa tou pou soumèt yon plent bay Kowòdonatè Seksyon 504 distri a ki gen rapò ak asèlman, vanjans, oswa diskriminasyon ki fèt kont pitit ou a nan fason ki pa enplike idantifikasiyon pitit ou a, evalyasyon li, oswa plasman edikatif la.

BIWO POU DWA SIVIL. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent nan Office for Civil Rights, U.S. Department of Education, 8th Floor, 5 Post Office Square, Boston, MA 02109.